



## Biwo Sèvis Sipò Timoun Nan Vil New York Pwogram pou Paran Reyisi: Tretman pou Dwòg Kesyon Moun Poze Souvan (Frequently Asked Questions, FAQs)

Pou paran ki dwe Depatman Sèvis Sosyal Vil New York (New York City Department of Social Services, NYC DSS) la yon dèt sipò timoun, Pwogram pou Paran Reyisi Biwo Sèvis Sipò pou Timoun (Office of Child Support Services, OCSS) nan NYC ka ede w diminye dèt sa a jiska \$7,500, lè w swiv yon pwogram tretman pou dwòg oswa yon pwogram sèvis pou anbochaj ki apwouve.

Poukisa nou ofri pwogram sa a? OCSS konprann gwo kantite lajan dèt ka rann li pi difisil pou paran yo amelyore pwòp lavi yo epi sipòte pitit yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou diminye dèt DSS Vil New York lè w patisipe nan yon pwogram travay DSS ki kalifye, tanpri gade feyè "**Pwogram pou Paran Reyisi a: Kesyon Yo Poze Souvan sou Travay.**"

### Kijan pou mwen konnen si mwen gen sou kont mwen yon dèt sipò timoun ki pèmanan?

Pwogram pou Paran Reyisi a ka diminye dèt pèmanan ou dwe NYC DSS, sa ka rive lè ou pa peye tout sipò timoun nan nèt pandan pitit ou a ap resevwa avantaj asistans lajan kach. Pou chèche konnen si ou dwe Depatman Sèvis Sosyal Vil New York yon dèt:

- Vizite Sant Sèvis Kliyantèl Biwo Sèvis Sipò Timoun (Office of Child Support Services, OCSS) Administrasyon Resouzimèn nan, pwograme yon reyinyon vityèl, oswa ale nan yon biwo OCSS nan Tribinal Fanmi an. Mande pou evalue dosye ou bò kote yon responsab dosye sipò timoun. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou <https://on.nyc.gov/contactocss>; oswa
- Mande founisè tretman pou dwòg ou a si li gen yon Apèsi (Snapshot) Sipò Timoun. Si li genyen youn, ou ka bay li pèmasyon pou li gade dosye sipò timoun ou an. Li ka fèw konnen si ou dwe DSS ak konbyen ou dwe. Dèt DSS ou dwe yon lòt konte oswa eta pa deklare nan pwogram sa a.

### Kisa m dwe fè?

Swiv twa (3) etap fasil sa yo:

1. Fini ak pwogram tretman pou dwòg ou a. Pwogram ou an dwe sètifye nan Biwo Sèvis pou Konsomasyon Alkòl ak Dwòg (Office of Alcoholism and Substance Abuse Services, OASAS) Eta New York la. Ou ka kalifye si ou nan yon pwogram tretman pou pasyan ki pa entène oswa pasyan rezidansyèl. Pwogram pasyan ki pa entène a dwe gen apwobasyon Administrasyon Resouzimèn (Human Resources Administration, HRA) Vil New York. Ou dwe reponn ak tout kondisyon pwogram nan pandan 90 jou. Pwogram rediksyon danje ak pwogram tretman pou metadòn yo pa kalifye.
2. Mande founisè tretman pou dwòg ou a yon sètifika oswa yon lèt ki di ou fini ak pwogram ou an ak dat ou te fini ak pwogram ou an. Epiyou yo pral mande w pou siyen yon fòm ki bay OCSS pèmasyon pou rele founisè tretman pou dwòg ou an si nou bezwen plis enfòmasyon.
3. Voye dokiman ou yo bay OCSS nan lapòs, imèl, faks oswa pote yo an pèsòn.

### Kijan pou mwen voye prèv ki montre mwen te finai ak pwogram tretman pou dwòg la?

Ou ka voye dokiman yo 3 fason: nan kourye lapòs, imèl oswa pote dokiman yo an pèsòn. Si w ap voye yon lèt nan kourye lapòs oswa nan imèl, asire w ou ekri ou vle enskri nan Pwogram pou Paran Reyisi a. Li enpòtan pou mete non konplè ou, Nimewo Idantifikasyon Dosye Sipò Timoun ou an, ak dat nesans ou.

**NAN KOURYE  
LAPOÛS:**

**Pwogram pou Paran Reyisi**

Biwo Sèvis Sipò Timoun nan Vil New York  
P.O. Box 830, Canal Street Station  
New York, NY 10013

**NAN IMÈL:**

[ParentSuccess@dfa.state.ny.us](mailto:ParentSuccess@dfa.state.ny.us)

**FAS-A-FAS:**

**SANT SÈVIS SAN RANDEVOU POU  
KLIYAN OCSS**

151 West Broadway, 4yèm Etaj  
New York, NY 10013

**TRIBUNAL KI OKIPE ZAFÈ FANMI  
NAN BRONX**

900 Sheridan Avenue, Etaj LM  
Bronx, NY 10451

**TRIBUNAL KI OKIPE ZAFÈ FANMI  
NAN BROOKLYN**

330 Jay Street, 12èm Etaj  
Brooklyn, NY 11201

**TRIBUNAL KI OKIPE ZAFÈ FANMI  
NAN MANHATTAN**

60 Lafayette Street, 1ye Etaj  
New York, NY 10013

**TRIBUNAL KI OKIPE ZAFÈ FANMI  
NAN QUEENS**

151-20 Jamaica Avenue, 4yèm Etaj  
Jamaica, NY 11432

**TRIBUNAL KI OKIPE ZAFÈ FANMI NAN  
STATEN ISLAND**

18 Richmond Terrace  
Staten Island, NY 10301

**Konbyen tan apre mwen fini ak tretman pou dwòg mwen an mwen dwe bay prèv mwen an?**

Ou ka voye li nenpòt kilè apre ou fini ak tretman an. Dat ou fini tretman an dwe nan dat oswa apre dat 1 ye desanm 2024.

**Yonfwa mwen ba ou prèv mwen an, konbyen tan li pral pran pou yo diminye dèt sipò timoun mwen an?**

Li ka pran jiska uit (8) semèn. Lè OCSS resevwa dokiman ou yo, nou pral gade pou wè si ou dwe NYC DSS. Nou ka rele founisè tretman pou dwòg ou a pou verifye si ou fini pwogram tretman ou an. Yon fwa nou konnen ou kalifye, nou pral voye yon avi nan kourye lapòs avèk kantite yo redui nan dèt NYC DSS ou a. Si ou pa kalifye, n ap voye yon avi nan kourye lapòs ba ou pou enfòmè w sa.

**Lè m ap swiv tretman pou dwòg la, èske yo ka pran mezi kont mwen paske mwen pa peye sipò timoun mwen an?**

Wi. Nou pral kontinye ak mezi pou mete lalwa an aplikasyon.

**Kijan mwen ka kalifye pou redikasyon \$7,500 a? Èske mwen bezwen dwe \$7,500 oswa plis pou m jwenn li?**

Si w dwe \$7,500 oswa plis nan dèt DSS la, ou ka kalifye pou yo diminye li pou ou jiska \$7,500. Ou dwe voye yon sètifika oswa yon lèt founisè tretman pou dwòg ou a ki di ou te fini ak tretman an. Non, ou pa oblije gen yon dèt omwen \$7,500. OCSS ap diminye nenpòt montan ki rive jiska \$7,500.

**Èske mwen ka enskri nan Pwogram pou Paran Reyisi a plis pase yon fwa?**

Wi, ou ka enskri plis pase yon fwa. Si ou fini yon dezyèm pwogram tretman pou dwòg epi ou dwe plis dèt DSS, ou ka kalifye pou yon lòt redikasyon. Sepandan, montan maksimòm dèt total ki ka redwi paske ou fini tretman pou dwòg la se \$7,500.

**Si mwen peye sipò timoun, èske mwen ka gen vizit?**

Nan Vil New York, de (2) tribinal diferan pran desizyon sou òdonans pou sipò timoun ak dwa vizit. Si ou bezwen enfòmasyon oswa èd konsènan dwa ou genyen pou vizite timoun ou, rele Family Legal Care nan (212) 343-1122 oswa ale sou [familylegalcare.org/helpline](http://familylegalcare.org/helpline).

**Mwen gen lòt kesyon. Kisa m dwe fè?**

Poze pwogram travay DSS ou a kesyon konsènan "Pwogram pou Paran Reyisi" OCSS la oswa kontakte OCSS atravè imèl, an pèsòn oswa nan lapòs. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou <https://on.nyc.gov/contactocss>.

**Èske ou gen yon pwoblèm medikal oswa sante mantal oswa yon andikap?** Èske pwoblèm sa a rann li difisil pou ou konprann avi sa a oswa pou fè sa avi sa a mande a? Èske pwoblèm sa a fè li difisil pou ou pou w jwenn lòt sèvis nan Administrasyon Resouzimèn (Human Resources Administration, HRA)? **Nou kapab ede ou.** Rele nou nan **718-557-1399**. Epitou ou kapab mande èd lè w ale nan yon biwo HRA. Ou gen dwa pou mande kalite èd sa a dapre Lalwa.